



Australian Government

COVID-19
✓ **VACCINATION**

Imbanyi, kwonsa, n'inkingo za COVID-19

Inkingo za Comirnaty (Pfizer) na Spikevax (Moderna) zirasabwa ku bagore bafise imbanyi n'abonsa ndetse n'abategukanya gutwara imbanyi. Abagore barashobora kwakira urukingo mugihe icyo aricyo cose co kw'ibungenga.

Ibakwe ry'ingaruka mbi zikomoka kuri COVID-19 ni rinini ku bagore bibungenze no ku bana babo bakiri mu nda. Abagore bibungenze bandura COVID-19 bafise ibakwe rinini ribi ryo gukenera kuja mu bitaro canke ryo gukurikiranirwa hagufi na muganga. Umwana wabo akiri mu nda azobana ibakwe rinini ryo kuvuka hataragera (akavuka imbere yuko amayinga 37 ahera) kandi bagakenera no kuja mu bitaro kugira ngo bakwirikiranirwe yo.

Inkingo ninzira nziza yo kugabanya izo ngaruka. Uzakenera inshuro zibiri z'urukingo rwa Pfizer hagati y'ivyumweru bitatu canke bitandatu, canke inshuro zibiri z'urukingo rwa Moderna, ivyumweru bine kugeza kuri bitandatu.

Ubushakashatsi bwakorewe muri Amerika, ku bagore barenga 35,000 bafise imbanyi berekanye ingaruka mbi nyuma yo gukingirwa bisa cane ku bagore bafise imbanyi ndetse n'abibungenze. Urukingo ntirwongerera amahirwe yo guhura nibibazo nko kuvyara imburagihe, kubvara, kuvyara abana bato bibungenze ndetse nubumuga.

Uko ibigaragara kubijanye no COVID-19 nuko bagore bibungenze bigenda vyiyongeranya, tuzobandanya tubamenyesha aho ibintu bigeze n'ukugene mukwiye kuvyifatamwo.

Ni ingaruka mbi izihe zishobora gushika umuntu ahejeje kuronswa urukingo rwa COVID-19 igihe yibungenze?

Ingaruka zikunze kuboneka umuntu ahejeje kwiteza urukingo rugizwe na inkingo za COVID-19 ni nk'izi zikurikira:

- Umururumbo
- Ukuvyimba ukuboko
- Kubabara mu mutwe
- Kubabara mu nyama
- Kubabara mu ngingo
- Gukanya.

Nimba ufise na kimwe muri izi aruka canke muri ibi bimenyetso uhejeje kwicandagisha, urashobora gufata paracetamol kugira ngo ugabanye izo ngaruka mbi ziza uhejeje kuronswa urucandago. Paracetamol ni nziza ku kiringo cose imbanyi iba igezako.

Ivyigwa vyakozwe mw'isi yose ntivyigeze bitora ingaruka mbi ziharijwe n'abagore bibungenze canke abana babo. Yamara, birashoboka ko hashobora kuboneka ingaruka mbi zidahuse gukunda kubaho zitaraboneka, abashakashatsi batararonka gushika nubw.

Hoba hariho inyungu ku mwana wanje akiri mu nda igihe nicandagishije mu kwikingira COVID-19 nibungenze?

Abagore bibungenze bakaba baranduye COVID-19 bafise ibakwe ribi cane ry'uko inda zabo zishobora gukoroka canke zikavuka hatageze. Inzoya zabo kandi zirafise ibakwe ribi rinini ryo kwerekana ko zahahamutse n'ukugira uruhagarara igihe bariko baravuka, canke ko bakeneye kuvurirwa aho bavurira indembe mu bitaro igihe bamaze kuvuka.

Ukwicandagisha ni yo nzira nziza ya mbere yo kugabanura ubwo bwaga, izo ngorane.

Ibimenyamenya bifatiye ku buhinga bwateye imbere vyerekana yuko ububasha bw'umubiri bwo kwikingira mu mubiri buzanzwe nuko abagore bibungenze bamaze kuronswa urukingo rwa COVID-19 bashobora kwinjira no mu ngirano, cane cane ku bagore bicandagishije igihe imbanyi yabo yari ikiri ntoya kandi bakaba baronkejwe dose zibiri zose imbere yuko abana bataravuka. Ubwo bubasha bw'umubiri bwo kwikingira bushobora guha uruyoya kwikingira COVID-19 mu mezi makeya ya mbere uwo mwana amaze kuvuka.

Twohanura iki abagore bonsa?

Pfizer na Moderna nizo nkingo twohanura ko abagore bafata igihe bariko baronsa. Urashobora kubandanya kwonsa imbere canke inyuma y'urukingo.

Twohanura iki abagore bategekanya gutwara inda?

Pfizer na Moderna vyongeye ni yo abagore bagirwa inama gufata igihe bipfuzwa canke bategekanya gutwara inda. Kwicandagisha imbere y'ugutwara inda bisigura yuko uba ufise ibakwe rinini ryo kwikingira COVID-19 mu gihe cose uzoba wibungenze. Usabwe gufata nka nkama ibi bikurikira:

- Ntutegerezwa kwirinda gutwara inda imbere canke inyuma y'ukuronswa urukingo rwa COVID-19.
- Urukingo nta ngaruka rufise ku kurondoka, ntirutera ukugumbaha.
- Ntutegerezwa kubanza kwipimisha ko wasamye inda imbere yuko uronswa urukingo.

Ku zindi nkuru zirengeye izi tuvuze aho hejuru

Kugira ngo ubone aho ushobora kuronka urukingo rwawe rwa COVID-19, ronderera kuri <https://covid-vaccine.healthdirect.gov.au/>

Nimba ufise ibibazo ku bijanye n'inkingo za COVID-19, vugana na muganga wawe, ja kuri health.gov.au/covid19-vaccines-languages, canke uhamagare umurongo w'igihugu wo gufasha abarwaye umugera wa Corona kuri 1800 020 080.



Ku vyerekeranye n'ugusobanura mu zindi ndimi hamagara kuri 131 450.